# Де дог1ур дац

Де дог1ур дааац шена т1аьхьа буьйса йоцууш,
Малх кхетар бааац дуьнена чохь серло йоцууш.
Де дог1ур дааац д1аихна хан даг чохь йоцууш,
Ма дуьне дац, дуьне ма дааац дуьсур доцууш. 2р

Адамашкаахь диканиг дац г1иллакх доцуург,
Кху дуьненааахь кхи мохк эшац Даймохк боцуург.
Хан зама яяяц ше нахаца яьхкна йоцург,
Ма дуьне дац ше безамца дууш доцуург.
Хан зама яяяц ше нахаца яьхкна йоцуург,
Ма дуьне дац, дуьне ма дац дуьсур доцууш.

Даима малх кхетийла лаьара,
Адмий дегнаааш ирсе гойла лаьара.
Зенах зулмааах вай лар а деш кхиийнчарнаа,
Дела реза хуьлийла лаьараа. 2р

Де дог1ур дааац шена т1аьхьа буьйса йоцууш,
Малх кхетар бааац дуьнена чохь серло йоцууш.
Де дог1ур даац д1аихна хан даг чохь йоцууш,
Ма дуьне дац, дуьне ма дац дуьсур доцуш. 2р

Ма дуьне дац, дуьне ма дац дуьсур доцуш.

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)